

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi Panalungtikan

Panjalu mangrupa ngaran hiji desa anu sakaligus jadi puseur Kacamatan Panjalu, Kabupatén Ciamis. Désa Panjalu perenahna 25 Km béh kalereun ti puseur Kabupatén Ciamis. Wates-wates Désa Panjalu nyaéta beulah kalér aya Désa Hujungtiwu jeung Désa Bahara, beulah kidul aya Désa Kertamandala jeung Desa Mandalaré, beulah kulon aya Désa Payungsari jeung Désa Banjarangsana, beulah wétan aya Désa Ciomas jeung Désa Maparah.

Wilayah Désa Panjalu legana sakitar 862,185 Ha. Desa Panjalu aya di dataran luhur nyaéta 731 nepi 1.300 meter tina beungeut cai laut. Ku kituna hawa Désa Panjalu kawilang tiis nyaéta sakitar 19° C nepi 23° C. Désa panjalu ogé pernahna aya di suku Gunung Sawal, gunung pangjangkungna di Kabupaten Ciamis.

Kaayaan sarana jalan raya jeung transportasi ka Panjalu geus kawilang alus. Jalan raya sapinuhna geus diaspal. Jalan ieu nyambungkeun Désa Panjalu jeung sawatara kota, saperti Ciamis, Tasik, Bandung, Kuningan jeung Cirebon. Kitu ogé sarana angkutan, aya angkutan anu nyadiakeun trayek Panjalu- Ciamis ngaliwatan Kawali jeung Buniseuri (+ 25 Km), Panjalu – Tasik ngaliwatan Panumbangan, Rajapolah (+ 20 Km), Panjalu – Bandung (+ 100 Km) ngaliwatan Ciawi, Nagreg, tol Cileunyi.

Jumlah penduduk Désa Panjalu taun 2010 aya 11.241 jiwa anu ngawengku 5.723 jiwa lalaki, 5.518 jiwa awéwé. Jumlah kepala keluarga aya 3.044 kuren.,

[Type text]


Andi Sopandi, 2012

Masyarakat lolobana Désa Panjalu jaradi tukang dagang, lantaran sarana transportasi Désa Panjalu kawilang geus alus, utamana di kota. Aya anu ukur ngiangkeun barang ka kota, atawa anu muka jongko sorangan di kota. Lian ti éta, pacabakan urang Désa Panjalu téh kana tani, angkutan, pagawé kantor, PNS, militer, jeung jasa.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta runtuyan prosés panalungtikan anu mangrupa studi pustaka, obsérvasi, wawancara, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung satuluyna dijieun laporan panalungtikanna.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



[Type text]
Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode mangrupa sajumlahing papagon pikeun nglaksanakeun hiji kagiatan sangkan kagiatan éta bisa lumangsung. Arikunto (2010: 203) nyebutkeun yén metode panalungtikan téh nyaéta cara anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data panalunmtikanna. Variasi metode bisa mangrupa: angket, wawancara, obsérvasi, tést, jeung dokumentasi. Dina panalungtikan diperlukeun métode pikeun jadi media tur tatapakan ngalaksanakeun panalungtikan.

Sugiono (2009: 207) nyebutkeun métode panalungtikan kabagi dua, nyaéta métode déskriptip jeung metode inférensial. Dina métode déskriptip henteu kawatesanan ku ngumpulkeun data wungkul, tapi ngawengku analisis, klasifikasi, jeung interprétasi.

Panalungtikan ieu maké métode déskriptip. Tujuanna nyaéta sangkan bisa meunang gambaran déskriptip sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta hususna anu patali jeung siloka/unsur semiotik anu nyampak dina dongéng-dongéng anu aya di Désa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis.

3.4 Wangenan Operasional

3.4.1 Dongéng

Wangun sastra prosa anu sumebarna sacara tatalépa di hiji komunitas masarakat.

3.4.2 Kajian Sruktural-Semiotik

Analisis kana tanda-tanda anu nyampak dina karya kalayan pedaran anu jero tur sistematis. Analisis ieu dumasar kana unsur struktur karya éta sorangan.

[Type text]

Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

3.4.3 Bahan Pangajaran

Salasahiji sumber diajar pikeun siswa. Atawa hal-hal anu tujuanana pikeun pangajaran.

3.4.4 Inventarisasi

Prosés ngumpulkeun data panalungtikan ti daérah anu jadipuseur panalungtikan.

3.4.5 Analisis

Prosés nganalisis, nimukeun unsur-unsur tuluy ngainterprétasi objek panlungtikan maké pamarekan khusus anu dipaké.

3.5 Instrumen Panalungtikan.

Arikunto (2010: 203) nyebutkeun yén instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulken data ngarah pagawéana bisa lumangsung leuwih gampang, jeung hasilna leuwih alus, dina hartian leuwih taliti, lengkep, tur sistematis, anu ngajadikeun datana leuwih gampang diolah.

Instrumen anu dipaké dina ieu panalungtikan sorangan nyaéta: 1) pedoman wawancara, 2) alat rekam audio

[Type text]
Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

3.5.1 Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara nya éta sajumlah rumusan pananya anu bakal ditanyakeun ka narasumber nalika prosés wawancara.

Tabel 3.1 Pedoman wawancara

No.	Pananya
1.	<p>Data narasumber</p> <ul style="list-style-type: none"> a. Wasta : b. Umur : c. Jenis kelamin : d. Padumukan : e. Pakasaban : f. Kalungguhan : g. Atikan :
2.	<p>Data dongéng</p> <ul style="list-style-type: none"> a. Dongéng naon waé anu aya di Désa Panjalu? b. Kumaha carita éta dongéng? c. Siloka naon waé anu aya dina éta dongéng?

3.5.2 Alat Rékam Audio

Nyaéta alat pikeun ngrékam sora (hapé), utamana kagiatan wawancara medar lalakon dongéng. Hal ieu dilaksanakeun sabab dongéng kaasup kana sastra lisan. Jadi diperlukeun rekaman ngarah teks dongéng éta bisa ditranskripsi kana wangun tinulis.

[Type text]
Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

3.6 Tehnik Panalungtikan

Tehnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka, obsérvasi, jeung wawancara jeung sadap rékam

3.6.1 Observasi

Observasi nyaéta ngumpulkeun data langsung ti sumber-sumber lapangan boh data materi saperti kaayaan geografi, kaayan masyarakat, boh subjek panalungtikanana.

Tehnik obsérvasi dipaké sangkan meunangkeun gambaran ngeunaan dongéng-dongéng di daérah anu ditalungtik. Gambaran anu dipiharep salian ti juntrungan dongéngna tapi ogé kayaan hirupna éta dongéng di masarakat.

3.6.2 Wawancara

Wawancara nyaéta ngumpulkeun data ti informan atawa ti pihak anu boga kompetensi jeung pangaweruh ngeunaan hiji hal anu pakait jeung panalungtikan. Data ti informan ieu bisa mangrupa subjek panalungtikan anu mangrupa dongéng atawa hal-hal anu ngarojong kana panalungtikan.

3.6.3 Sadap Rékam

Sadap rékam mangrupa tehnik dokumentasi audio anu maké alat rékam (hapé). Hal ieu dilaksanakeun sabab dongéng téh kaasup sastra lisan. Jadi lat dokumentasi anu optimal pikeun dipaké nya éta audio (sora). Sadap rékam dilaksanakeun keur wawancara jeung narasumber anu medar dongéng. Hasil data rekaman bérés, satuluyna data ditranskripsi.

[Type text]

Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

3.7 Prosedur Analisis

Sabérésna data kakumpul, tuluy kudu dilaksanakeun analisis data sangkan bisa aya kacindekan tina panalungtikan. Arikunto (2010: 278) nyebutkeun sacara gurat badag, analisis data ngawengku tilu hal, nyaéta tatahar, tabulasi, jeung pamakéan data luyu jeung pamarekan panalungtikan.

3.7.1 Tatahar

Tatahar mangrupa kagiatan mimiti anu dilaksanakeun dina analisis data.

Tatahar ieu ngawengku:

- 1) ngecék kalengkepan data jeung idéntitas narasumber. Hal ieu pakain jeung validitas ogé bobot data;
- 2) ngecék kalengkepan data. Hal ieu saperti ngecék lembar wawancara, hasil sadap rékam. Jadi dimana aya kakurangan atawa ruksak mangka bakal gancang katitén.

3.7.2 Tabulasi

Tabulasi nyéta prosés ngahijikeun sakabéh data anu kapanggih. Satuluyna data diolah dumasar gundukan. Kagiantan dina tabulasi di antarana nyaéta:

- 1) ngumpulkeun sakabéh data anu kapanggih hasil studi pustaka, wawancara, observasi, jeung sadap rekam;
- 2) nyieun papasingan data kana gundukan. Gundukan data primer nyaéta anu patalina langsung jeung subjek panalungtikan saperti sadap rekam

[Type text]

Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

dongéng, jeung naskah dongéng. Gundukan data sekunder nyaéta data pangrojong liana;

- 3) nyieun pengkodean data ngarah data leuwih gampang jeung hasilna leuwih alus.

3.7.3 Déskripsi Data

Data dongéng-dongéng anu geus ditambulasi satuluyna diolah dumasar pamarékan semiotik. Langkah gawéna diantarana nyaéta: (1) data dongéng anu kapanggih ditranskripsi tuluy disusun; (2) dongéng dipedar sacara struktural pikeun mangihan unsur intrinsik jeung karakteristik dongéng; (3) ngainventarisasi sakur tanda anu nyampak dina dongéng; (4) ngainterpretasi hasil inventarisasi tanda dina dongéng; (5) ngalarapkeun hasil interprétasi kana bahan ajar.

[Type text]
Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP